# 2019 ИлъэсыщIэм и япэ лъэбакъуэхэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№1 (23.815) ● 2019 гъэм щIышылэм (январым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## ИлъэсыщIэм и пэ къихуэу КъБР-м и къэрал наградэхэр ятащ

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я дамыгъэ лъапIэхэр республикэм и цIыху пашэхэм ящыщу 38-м щратащ. Наградэхэр хуагъэфэщащ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, щэнхабзэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм къыщыхэжаныкIахэм, лэжьыгъэм и ветеранхэм, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм.**

«НОБЭ мы зэIущIэм кърихьэлIахэм ящыщ дэтхэнэми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, - езыр зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр къыщихьащ. Фэ фи гъащIэр IэщIагъэм хуэпэжу щытынымкIэ, дыщалъхуа республикэм, ди къэрал иным я къэкIуэнум телэжьыхьынымкIэ щапхъэ наIуэщ».

Наградэ лъапIэхэр зратахэм яхэтщ илъэс 50-м нэблэгъауэ щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным телажьэ, Нарткъалэ дэт курыт школ №1-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къанщыкъуей Риммэ, балетмейстер цIэрыIуэ, Тырныауз къалэм щэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэ Будаев Руслан, Прохладнэ къалэм щыщ медсестра IэнатIэ мытыншым илъэс 45-м щIигъуауэ пэрыт Доценкэ Людмилэ, нэгъуэщIхэри.

Республикэм и къэралыгъуэр зэтегъэувэным къарууэхуэ езыхьэлIа, жылагъуэ лэжьыгъэм иджыри жыджэру хэт Сэбаншы Розэ хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ К. В. наградэхэр зратахэм ИлъэсыщIэр яхуэугъурлыну, узыншагъэ, ефIэкIуэныгъэ, насып яIэну ехъуэхъуащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КIуэкIуэ Казбек ИлъэсыщIэ гуфIэгъуэм къэрагъэблэгъа сабийхэм йохъуэхъу

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. республикэм и Псей нэхъыщхьэр щагъэува пэшым щыIащ икIи гуфIэгъуэм хэтхэм ИлъэсыщIэмкIэ ехъуэхъуащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа сабийуэ 100-м щIигъум я мурадхэр нахуапIэ хъуну, еджэнми гъащIэми ехъулIэну ехъуэхъуащ.

КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм зэщIыгъуу къызэрагъэпэща илъэсыщIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ сабий мин 12-м щIигъу.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэу мы Указым щIыгъур къэщтэн.

2. Къару ямыIэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ,жылагъуэшынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №16-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ,жылагъуэшынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №16-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №81-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №16-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 2-м къыдигъэкIа Указ №88-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къыдигъэкIа Указ №16-УГ-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №5-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа языныкъуэ указхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм накъыгъэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №79-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа языныкъуэ указхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №101-УГ-м;

3. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ,*
*2018 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м*
*№151-УГ*

## Пщэрылъ щхьэхуэхэр яхуещI

● Мы махуэхэм



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр иджыблагъэ яIущIащ зи щхьэ IуэхукIэ къыхуэкIуахэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и УнафэщIым зыкъызэрыхуагъэзахэм ящыщщ Зэрэгъыж къуажэм спорт комплекс дащIыхьыным теухуауэ жылэдэсхэм къабгъэдэкIа лъэIур.

Апхуэдэуи хэплъащ цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа Iуэхухэм.

КIуэкIуэ К. В. властым и гъэзэщIакIуэ органхэм пщэрылъ пыухыкIахэр яхуищIащ. ЗыкъызэрыхуагъэзахэрзэрагъэзащIэ щIыкIэр щIыналъэм и Iэтащхьэм и нэIэ щIэтынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● ЗэIущIэхэр

## Абы нэхърэ нэхъыщхьэ щыIэкъым

**ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Уполномоченнэу КъБР-м щыIэм къегъэщIылIауэ лажьэ Эксперт советым и зэIущIэм щызэхалъхьэжащ 2018 гъэм зэфIагъэкIахэм кърикIуахэр. Абы теухуауэ къэпсэлъащ Уполномоченнэ Зумакулов Борис.**

ОМБУДСМЕНЫМ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, 2018 гъэр цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ илъэсу щытащ: ягъэхьэзырри, Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ «УФ-м и щIыналъэхэм уполномоченнэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр зытещIыхьа я зэхуэдэ къалэнхэм я IуэхукIэ» федеральнэ законым и проектыр. А хабзэр куэдрэ зыпэплъащ. Абы щыубзыхуащ уполномоченнэхэм къэралымрэ жылагъуэмрэ щагъэзэщIэну я пщэ къыдэхуэ IуэхущIафэхэр зыхуэдэр, а къулыкъущIэхэм я зэфIэкIыр, я лэжьыгъэр дагъэкIынымкIэ щыIэ шэсыпIэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Дэ зэпыщIэныгъэ яхудиIэщ къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм, профсоюзхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, - къыхигъэщащ Зумакулов Борис. - Абыхэм я нэхъыбэм етщIылIащ дызэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэхэр.

Омбудсменхэм тегъэщIапIэ зыбжанэ яIэщ я лэжьыгъэр дагъэкIын папщIэ. Псалъэм щхьэкIэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и деж къыщызэрагъэпэщащ Уполномоченнэхэри зыхыхьэ Жылагъуэ совет. Жыджэру мэлажьэ Нэхъыжьхэм я советри. Иужьрейм и зэIущIэхэр езыгъэкIуэкIыр УФ-м и Президентым и полномоченнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Матовников Александрщ. Аркъудейр щытщ щIыналъэхэм я унафэщIхэм жылагъуэ мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэм гулъытэшхуэ зэрыхуащIын хуейм и дамыгъэу. Къапщтэмэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек лэжьэн зэрыщIидзэу, епсэлъащ щIыналъэм щыIэ Уполномоченнэм икIи ди деж цIыхум и хуитыныгъэхэр хъума зэрыщыхъум щыгъуазэ зищIащ.

ЗэIущIэм къыщагъэнэIуащ цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжынымкIэ республикэм къыщызэрагъэпэщ IуэхущIафэхэм ехьэлIа бжыгъэхэри. Апхуэдэу, 2018 гъэм и мазэ 11-м къриубыдэу, Уполномоченнэмрэ абы и IуэхущIапIэмрэ зыкъыхуагъэзащ цIыху 921-м. Абыхэм я тхьэусыхафэхэм ящыщу 324-м хэплъащ, къыщыIэта Iуэхухэр зэфIагъэкIащ.

ГугъуехьхэмрэлъэпощхьэпохэмрэкъызэнэкIа хъун папщIэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэу къэгъэсэбэпыпхъэхэми я гугъу щащIащ мы зэIущIэм. Къыхагъэщащ ди республикэм мамырыгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр, зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэгурыIуэныгъэр щыгъэбыдэным ехьэлIауэ цIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыным щIэбэн зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэми мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Псори кърикузэщIэдубыдэжу зы псалъэкIэ жытIэмэ, цIыху къызэрыгуэкIым и хуитыныгъэхэр хъумэным нэхърэ нэхъапэ щыIэкъым. Аращ гупсысэ нэхъыщхьэу мы зэIущIэм къыщыхэдубыдыкIари.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Хъыбар гуапэ

## Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэр автомашинэхэмкIэ къызэрагъэпэщ

**УФ-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Медведев Дмитрий и унафэкIэ республикэм къыIэрыхьа автотранспортхэм я IункIыбзэIуххэр щIыналъэм егъэджэныгъэмрэ узыншагъэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм ЗэгурыIуэныгъэм и утым КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек щаритыжащ.**

«ПАЗ», «Форд» автобусу, класс «В»-м хыхьэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомашинэу 63-р я пIэ иувэнущ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, КъэхъукъащIэ шынагъуэхэмкIэ медицинэ центрым, район сымаджэщхэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» и къудамэхэм жыы хъуауэ щыIэ автотранспортхэм.

КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Президентым, Правительствэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм щIэх-щIэхыурэ гулъытэ къызэрыхуащIым, дэIэпыкъуэгъу къызэрыхуэхъум папщIэ: «Нобэрей Iуэхур абы и щыхьэтщ. ТехникэщIэ къытIэрыхьам Iэмал къыдет санитар автотранспортыр процент 70-кIэ къэдгъэщIэрэщIэжыну, иджырей жыпхъэхэм тету абы и лэжьыгъэр зэтедухуэну. А программэм адэкIи къыпищэнущ».

Иужьрей лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьащ цIыхухэр къызэрыраш эк I машинэрэ санитар автотранспорту 200. Абы хэтщ класс «С»-м хыхьэ реанимобилхэр, бгылъэ щIыпIэхэм тыншу кIуэцIрыкI машинэхэр. Абыхэм я фIыгъэкIэ республикэм и районхэм илъэс бжыгъэкIэ щыIа гугъуехьхэр зэфIэха хъуащ, псынщIэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрагъэпэщу, ныбжьыщIэхэр тыншу еджапIэхэм автобускIэ яшэу.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## МафIэсгъэункIыфIхэм я фэеплъ Налшык къыщызэIуах

**Урысей МЧС-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 28-рэ щрикъум ирихьэлIэу Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафIэсгъэункIыфIхэм я фэеплъ.**

МАФIЭСГЪЭУНКIЫФIкъегъэлакIуэ часть №1-м и унэм деж къыщызэIуаха фэеплъыр теухуащ а IэнатIэм и тхыдэмрэ абы и лэжьакIуэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Фэеплъыр ирагъэщIащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и IуэхущIапIэм я лэжьакIуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ зэхуахьэса мылъкукIэ. Фэеплъым тратхащ урыс тхакIуэ Гиляровский Владимир и сатырхэр: «Каждый пожарный - герой, всю жизнь на войне, каждую минуту рискует головой»

Мы Iуэхур къыхэзылъхьар Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Дзугаев Георгийщ. Фэеплъыр и IэдакъэщIэкIщ ди щIыпIэм щыщ скульптор Катони Станислав.



Фэеплъыр къыщызэIуахым мы Iуэхум зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгений, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АфэщIагъуэ Михаил, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - инфраструктурэмрэ цифровой зыужьыныгъэмкIэ министр Бэлэтокъуэ Владимир, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Надёжин Михаил, Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэ Ахъуэхъу Таймураз, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, МафIэсым пэщIэт IуэхущIапIэм и ветеранхэр, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, абы и къудамэхэм я лэжьакIуэхэр.



Ткачёв Евгений, Бэлэтокъуэ Владимир, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Абдуллаев Мустэфа (ар зи унафэщI жылагъуэ IуэхущIапIэр жыджэру хэтащ фэеплъым папщIэ ахъшэ зэхуэхьэсыным), Надёжин Михаил сымэ къегъэлакIуэхэм ехъуэхъуащ я махуэмкIэ.

**УАРДЭ Жантинэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Узыншагъэ

## Сом мелуани 149-рэ къыIэрохъэ

**«Лыщх узыфэхэм пэщIэтын» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным ипкъ иткIэ 2019 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьэнущ сом мелуани 149-рэ.**

МЫЛЪКУР трагъэкIуэдынущ республикэм лышхым щеIэзэ и IэнатIэр узыр къызэрахутэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Абы хэтынущ эндоскоп, маммограф, ягъэIэпхъуэ рентген аппаратурэ икIи Iэмал къаритынущ а узыфэм ехьэлIауэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэм, зэреIэзэм и фIагъым хагъэхъуэну.

КъыщынэмыщIауэ, дызытехьа илъэсым я мурадщ ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ фондым и мылъкукIэ а унэтIыныгъэмкIэ къызэрагъэпэщ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэм хагъэхъуэну, хирургием зрагъэужьыну, Онкодиспансерым реанимацэ къудамэ къыщызэIуахыну.

«Лыщх узыфэхэм пэщIэтын» лъэпкъ проектымкIэ 2019 - 2024 гъэхэм республикэм къыIэрыхьэнущ сом мелуан 700-м щIигъу.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## НОБЭ

♦**Таиландым щагъэлъапIэ сабийхэм я махуэр**

♦**1781 гъэм** Москва къыщызэIуахащ Пётр Езанэм и цIэр зыфIаща театрыр. Иджыпсту ар Театр Иныр щ.

♦**1863 гъэм** дунейм щыяпэу Лондон къыщызэIуахащ метрополитен. А гъуэгум километри 3,6-рэ и кIыхьагът.

♦**1920 гъэм** къару игъуэтащ Франджым щыIэ Версаль уардэунэм 1919 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Iэ зыщытрадзауэ щыта зэгурыIуэныгъэм - Япэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техъуэм.

♦**1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым Нартсанэ (Кисловодск) къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIигъэкIыжащ.

♦**1946 гъэм** Лондон къыщызэIуахащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и япэ зэIущIэр.

♦Урыс тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Сталиным и саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦«Черкес плъыжь» (иджы «Черкес хэку») газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Уэхъутэ Анзор** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург, IуэрыIуатэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къардэнгъущ I Зырамыку** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Украинэм и япэ президенту щыта **Кравчук Леонид** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ **Теличкинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шукай ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3, жэщым градуси 9 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Щэ зыгъэдэIуэфыр щэ я уасэщ.**

● Ди нэхъыжьыфIхэр

# Куэд къэзыгъащIэм куэди елъагъу

**Адыгэм диIэ псалъэжьхэм ящыщщ «Куэд къэзыгъащIэм куэди елъагъу». Ар хуэпхь хъунущ зи гъащIэ гъуэгуанэр Iуэхугъуэфl куэдкIэ гъэнщIауэ езыхьэкI Жэмыхъуэ Хьэлий Гъумар и къуэм. Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэшхуэм щыпсэу нэхъыжьыфIыр илъэс 90-м итщ, арщхьэкIэ, и ныбжьым емылъытауэ, ноби жыджэру гъащIэм хэтщ, хуэзэфIэкIхэмкIэ цIыхухэм защIегъакъуэри.**

МЭКЪУМЭШЫЩIЭ унагъуэм къыщыхъуащ Хьэлий. 5-нэ классыр къиухагъащIэу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, адэкIэ еджэныр зэпыуауэ щытащ.

- ИкъукIэ зэман хьэлъэу щытащ ар. Зеикъуэ щыщ щIалэ куэд зауэм дэкIат, ар къызэрыхъейуэ. Ди егъэджакIуэхэри ящыщащ фронтым Iухьахэм, - игу къегъэкIыж Хьэлий. - «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ», жыхуаIэрати, къуажэм щызэхэт хозяйствэм лэжьыгъэу щыщыIэр зэфIэзыхын хуейуэ къэнар лIыжь-фызыжьхэмрэ бзылъхугъэхэмрэт. Губгъуэ лэжьыгъэхэм дыпэрыуvауэ щытащ щIалэ цIыкIухэри.

Хьэлий зэрыжиIэжымкIэ, пхъэIэщэм жэмхэр щIэщIауэ щIыгулъыр зэрагъэдзэкIырт къуажэдэсхэм. А Iуэхум нэхъыбэу пэрытыр щIалэ цIыкIухэрат. Бзылъхугъэхэм белыпэкIэ къатIырт гектар куэд хъу хьэсэхэр, дэтхэнэми и къалэнт сотыхи 5 нэхърэ мынэхъ мащIэ махуэм и кIуэцIкIэ къигъэбэтэн хуейуэ. КъинэмыщIауэ, белт къызэратIыжыр губгъуэм илъ кIэртIофри. ЛэжьакIуэIэ зэрахуримыкъум къыхэкIкIэ, уэс къыщытесэр нэхъыбэт нартыху хьэсэхэм. Абы щыгъуэм псори ежэрти, нартыхур къыдачыжырт, я Iэхэр щIыIэм ису.

- Зэи сигу икIыжынукъым а лъэхъэнэм шхынкIэ гугъу дызэрехьари. Нартыху хьэжыгъэм къыхэщIыкIа чыржын пIащIэ зырызт махуэм къриубыдэу шхыныгъуэу диIэр, - и гукъэкIыжхэм пещэ Хьэлий. - Лэжьыгъэм пэкIуэ ахъши ятыртэкъым, «трудодень» жыхуаIэр тхуатхыу арат. А псори гъэм и кIэм зэхалъхьэжырти, абы хуэкIуэ гъавэр къыдатыжырт, илъэсым и кIуэцIкIэ тшхар хагъэкIыжырти.

Езым хуэдэ сабий минхэм я гъащIэм ещхьщ Хьэлий и илъэсхэри. Гугъуехьрэ гуауэкIэ гъэнщIа сабиигъуэм къыкIэлъыкIуащ гъаблэ илъэсхэр. А псоми къелащ, нэхъ быди ищIащ щIалэр. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ирихьэкIа гуащIэдэкI лэжьыгъэхэм папщIэ Жэмыхъуэм къыхуагъэфэщащ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 - 1945 гг.» медалыр. А къэрал дамыгъэм пщIэшхуэ хуищIу зэрехьэ Хьэлий.

Зауэ нэужьым Хьэлий зригъэгъуэтащ механизатор IэщIагъэр. Трактористу заулрэ лэжьа нэужь, мэкъумэш бригадэм яхыхьэри, учётчикыу, гупым и пашэу лэжьащ. ИужькIэ Iэщ фермэми зэман кIыхькIэ щылэжьащ, хозяйствэм и унафэщIхэми къуажэдэсхэми пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIу.

- ГуащIэдэкI лэжьыгъэ купщIафIэ къезыхьэлIа Жэмыхъуэ Хьэлий и ныбжьыр нэсу пенсэ тIысыжами, Iуэхуншэу зэи щысакъым. Абы и фIыгъэ куэд хэлъщ ди жылэм мэжджыт зэрыдэтым. Гу къабзэрэ псэ нэхурэ зиIэ а цIыху щыпкъэм илъэс куэдрэ нэмэз щаригъэщIащ мэжджытым, иджы хьэблэ сабийхэр КъурIэн лъапIэм еджэным хуегъасэ, - жеIэ Хьэлий и къуажэгъу ЛIыгъур Чэрим. - НэхъыжьыфIым жылэм яфI зыпылъ апхуэдэ Iуэхугъуэ куэд елэжьри, псапэу Тхьэм къритыж.

ЦIыхухэр апхуэдэу къыхуэарэзыуэ и гъащIэ псор ирихьэкIащ Хьэлий. УнагъуэкIи Тхьэр къыхуэупсащ абы. Хьэлийрэ и щхьэгъусэ КIулэрэ (и ахърэтыр нэху ухъу) бынибл зэдагъуэтащ. Къуэрылъху-пхъурылъхухэмкIи абыхэм къащIэхъуахэмкIи къулейщ нэхъыжьыфIыр, Тхьэм и фIыщIэкIэ. Узыншэу, фIыуэ къэзылъагъу и бынхэм, абыхэм я щIэблэхэм я гуфIэгъуэ илъагъуу куэдрэ иджыри псэуну ди гуапэщ Хьэлий.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



## Жэуап зэпкърыха ират

**Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ телефонкIэ закъыхуэзыгъазэхэм я упщIэхэм жэуап щрата «Линэ занщIэ».**

КЪЭПСЭЛЪАХЭМ я упщIэхэм жэуап иратащ УИС-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр щагъэзэщIэнымкIэ и управленэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Текаевэ Ритэ, щIыналъэ Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм и унафэщI Бырмамыт Iэуес, Жылагъуэ советым и секретарь Боковэ Евгение сымэ.

«Линэ занщIэр» щекIуэкIым цIыху зыбжанэ къэпсэлъащ. Ахэр нэхъыбэу щIэупщIащ тезыр зытралъхьам ар щыпсэу щIыналъэм щипшынужынымкIэ щыIэ Iэмалхэм, тутнакъэщхэр хуахъуэжыным, ягъэкъуаншэр следственнэ изоляторым щыщаIыгъ зэманым абы и Iыхьлыхэр лъыгъуэзэным пыщIа Iуэхухэм.

***КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Страховой пенсэм хохъуэ

**2019 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ пенсионер мылажьэхэм я страховой пенсэм хэхъуэнущ проценти 7,05-кIэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыгъэм епха страховой пенсэм ику иту щыщIагъунущ сом 700 (ику ит пенсэр сом 10 726-рэ кIэпIейкIэ 46-рэ мэхъу).

Щхьэхуэу гу зылъытапхъэщ, дэтхэнэ зы пенсионерми къыхущIагъунур и пенсэр зыхуэдизым зэрелъытам.

ЦIыхур щылэжьа зэманым пенсэмкIэ иIэ хъуа хуитыныгъэхэр (стажыр, улахуэр, страховой взносхэр, пенсэ коэффициентхэр) нэхъ иныху, и страховой пенсэри нэхъыбэщи, къыхудыщIагъунури абы епхащ.

***УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Май щIыналъэ

## Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр яубзыху

**Май щIыналъэм дызыхыхьа 2019 гъэм зэлэжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щаубзыху.**

НОВОИВАНОВСКЭМ школыщIэ щаухуэнущ, спортзал гуащIыхьынущ Май къалэм дэт курыт еджапIэ №14-м.

Новоивановскэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр щIадзауэ зыхуей хуагъазэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар щаухынур етIанэгъэщ.

2019 гъэм къащта къэрал Программэм ипкъ иту мы районым кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэ зыбжанэ щагъэсеинущ. Апхуэдэу федеральнэ программэм хагъэхьащ Май къалэм и гуэл Iуфэхэр зэIузэпэщ щIыныр.

Май щIыналъэм хиубыдэ жылагъуэхэр къабзагъэ и лъэныкъуэкIэ къапщытащ. Хабзэм къемызэгъ пхъэнкIий идзыпIэ здэщыIэ жылэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ щащIащ зэман кIэщIым къриубыдэу къагъуэта ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

## Хабзэм хуаущий



**Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакIуэхэр щыIащ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт Бахъсэн мэкъумэш колледжым икIи 2-нэ курсым щеджэ студентхэм яхуэзащ. Полицейхэм абыхэм драгъэкIуэкIащ балигъ мыхъуахэм яхь административнэ, уголовнэ жэуапхэм теухуа лекцэ.**

КЪУДАМЭМ и юрист, къэрал кIуэцI къулыкъум и капитан Гуэщокъуэ Заринэ щIалэгъуалэм яхузэпкърихащ законодательствэм и мардэхэр, балигъ мыхъуахэм хабзэр къызэпаудмэ къарикIуэнухэр, ныбжьыщIэхэр административнэ, уголовнэ жэуапхэм зэрырашалIэм и щапхъэхэри къиихьащ.

Студентхэр яфIэгъэщIэгъуэну зыщIэупщIахэм жэуап зэпкърыха иратащ хьэщIэхэм.

ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаIащи, апхуэдэ зэпсэлъэкIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэблэм хабзэм хащIыкIынымкIэ.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

# АХЪУЭХЪУ Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 90-м иту 2019 гъэм щIышылэм и 9-м дунейм ехыжащ промышленнэ IуэхущIапIэ зэтеухуэным хуэIэзэу щыта къызэгъэпэщакIуэ, РСФСР-м машинэ зэпкърызылъхьэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъуэхъу Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр.

Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр 1929 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м Налшык къалэм къыщалъхуащ.

Киев къалэм дэт политехникэ институтым щIэтIысхьэн и пэ къиихуэу Балтие флотым и дзэ кхъухьхэм къулыкъуухэр ирахьэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн хъу и къудамэм рулевойуэ щылэжьащ, Киев дэт механическэ заводым слесарь-зэпкърылъхьакIуэу щыIащ. 1958 гъэм еджэныр къиуха икIи «бгылъэ щIыпIэхэм щылэжьэфыну электромеханик» IэщIагъэр зригъэгъуэта нэужь, «Молибден» къыщIэхыпIэм инженеру, иужькIэ а IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и обогатительнэ фабрикэм и механик нэхъыщхьэу щытащ. 1963 - 1964 гъэхэм пэрытащ вольт лъахъшэм ирилажьэ Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкIыу Тырныауз дэта заводым и унафэщI къулыкъум.

1964 гъэм Ахъуэхъу А. Хь. ягъэуващ телеманикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкIыу Налшык дэта заводым и унафэщIу, 1976 гъэм ар и пашэ хъуащ заводыр и лъабжьэу къызэрагъэпэща «Телемеханика» производственнэ зэгухьэныгъэм. А лъэхъэнэрщ нэхъри IупщIу наIуэ къыщыхъуар абы унафэщI IэкIуэлъакIуэм хэлъын хуей зэчий зэрыбгъэдэлъыр, цIыху куэд дыдэ зэрызэщIигъэуIуэфыр икIи ахэр къапэщыт къалэнхэр гъэзэщIэным зэрыхуиунэтIыфыр. Къалэн къыщащIа сыт хуэдэ пщэрылъми зэпэшэчауэ зэрыбгъэдыхьэм, псэ къабзэу зэрыщытым, зыщIидза Iуэхур и кIэм зэрынигъэсым, цIыхухэм гулъытэ зэрахуищIым я фIыгъэкIэ Анатолэ Хьэжмусэ и къуэм хузэфIэкIащ дунейпсо мардэхэм изагъэ, иджырей телемеханикэ Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэ республикэм къыщызэригъэпэщын, абы и лэжьыгъэри зэтриухуэн. Ар зи унафэщI «Телемеханика» ПО-м къыхуагъэува къалэнхэм хъарзынэу зэрыпэлъэщым папщIэ къыхуагъэфэщауэ щытащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр.

1986 гъэм къыщыщIэдзауэ 1995 гъэ пщIондэ Ахъуэхъу А. Хь. лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Севкавэлектронмаш» ПО-м, СССР-м и гъуэгухэм къыщагъэсэбэп техникэ Iэмэпсымэхэр зэпкърылъхьэнымрэ къыщIэгъэкIынымкIэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэу а зэманым щытам, и генеральнэ директору. Илъэс куэдкIэ ар щытащ СССР-м Приборхэр къыщIэгъэкIынымкIэ и министерствэм телемеханикэ IэмэпсымэхэмкIэ и конструктор нэхъыщхьэу, арат зыунэтIыр телемеханикэ комплексхэр къэралым и цIыхубэ хозяйствэм папщIэ зэпкърылъхьэнымкIэ, ахэр къэгъэсэбэпынымкIэ идеологиемрэ политикэмрэ. 2002 гъэм къыщыщIэдзауэ «Севкавэлектронмаш»-м и щIэныгъэ-техникэ центрым и унафэщIу лэжьащ.

Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэтащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитIми я депутату, «Урысейм и лэжьыгъэ щIыхьыр» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIу щытащ.

Ахъуэхъу Анатолэ Хьэжмусэ и къуэм и лэжьыгъэм хуэфащэн гулъытэ къэралым хуищIащ. 1986 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м абы къыфIащащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр. Абы къратащ Ленинымрэ Октябрь революцэмрэ я орденхэр, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр тIэунейрэ, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, апхуэдэуи къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, медаль, IэнатIэхэм я дамыгъэ лъапIэ куэд дыдэ.

Анатолэ Хьэжмусэ и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щыпкъэм, лэжьакIуэшхуэм, къызэгъэпэщакIуэ, унафэщI Iэзэу икIи цIыху зэтету щытам и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынущ.

**КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Ткачев Е. А., КIуэкIуэ Ю. А., Къуэдзокъуэ М. М., Алътуд Ю. Къ., АфэщIагъуэ М. Хь., Ахъмэт А. Н., Ахъуэхъу М. Хь., Ахъуэхъу Т. Б., Белан Ю. И., Берд Хь. А., Бер М. Л., Блай Б. Хь., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Буслик Т. И., Геккиев З. Д., Геляхов А. С., Говоров С. А., Гуэбэшы З-Дж. I., Губин Г. С., Джатэ Р. Хь., Деппуев В. Хь., Евтушенкэ Н. Н., Жанатаев С. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Иуан П. М., Кьер А. М., Къалэ З. А., Канунников А. Д., Къардэн М. Н., Къардэн Л. М., Къэрмокъуэ Хь. М., КIэрэф М. А., Максименкэ Н. Н., Мамхэгъ А. Ш., Маслов Н. А., Мовсисян Г. О., Муталипов В. Ш., Нэхущ З. А., Сыжажэ В. Хъу., Симонов А. Г., Сэхъу В. Къ., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тэнащ С. Т., Тау П. Къ., Тату К. Б., ТекIушэ А. А., Лъостэн Г. Ч., Токарев Н. М., Увыж А. С., Федченкэ Л. М., Федченкэ С. П., Хьэжу В. Щ., Хъурей Ф. А., Хьэщхъуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь., Щоджэн М. М., Щомахуэ Л. А., Ефэнды Дж. Къ.**

# ШУРДЫМ Гъэзалий Къасбот и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм я щIэныгъэ IэнатIэхэм хэщIыныгъэ ин ягъуэтащ. Илъэс 85-м иту 2019 гъэм щIышылэм и 4-м дунейм ехыжащ ЩIДАА-м и академик, Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэмщIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБКъУ-м Химиемрэ биологиемкIэ и институтым неорганическэ, физическэ химиемкIэ и кафедрэм илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Гъэзалий Къасбот и къуэр.

Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа еджагъэшхуэт Шурдым Гъэзалий. Аращ физическэ химие унэтIыныгъэмкIэ адыгэхэм ящыщу япэу щIэныгъэхэм я доктор цIэр зыфIащауэ щытар. КъБКъУ-р къыщызэрагъэпэща илъэсым, 1957 гъэм, къыщыщIэдзауэ дунейм ехыжыху Шурдымыр щылэжьащ а еджапIэ нэхъыщхьэм, и зэфIэкIи и щIэныгъи щIэблэм яхуигъэпсу. Гъэзалийщ университетым физическэ химие унэтIыныгъэмкIэ кафедрэ къыщызэзыгъэпэщар, а щIэныгъэм и лъабжьэр ди республикэм щызыгъэбыдар, аспирантури диссертацэ совети абыкIэ къыщызэIузыхар. Шурдым Гъэзалий и нэIэм щIэту щIэныгъэм и гъуэгу бгъуфIэм теша хъуащ химие щIэныгъэхэм я кандидатрэ доктору пщIы бжыгъэхэр.

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэр щIэхщIэхыурэ ирагъэблагъэрт дунейпсо, къэралпсо зэхыхьэхэм, симпозиумхэм, конференцхэм. Езыми КъБКъУ-м жыджэру къыщызэригъэпэщырт дунейпсо, союзпсо, урысейпсо щIэныгъэ зэхуэсхэр.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу Шурдымым дапщэщи ирагъэкIуэкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ псори зэхэту щIэныгъэ лэжьыгъэ 500-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэу 4, студентхэр зэреджэн тхылъу 5, нэгъуэщI тхыгъэ цIэрыIуэхэри. Ахэр къытрадзащ СССР-м, УФ-м, хамэ къэралхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм.

Еш имыIэу зэфIих апхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэм папщIэ Шурдым Гъэзалий къэрал гулъытэ лъагэ игъуэтащ. Абы къыхуагъэфэщащ «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран», нэгъуэщI къэрал дамыгъэхэр, егъэджэныгъэмкIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. ЕстествознаниемкIэ Урысейпсо Академием и Президиумым и унафэкIэ Шурдым Гъэзалий нэгъабэ къыфIащат «ЩIэныгъэ школым и къызэгъэпэщакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэуи РАЕН-р къызэрыунэхурэ илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу «PRIMUS INTER PARES» («Зыхуэдэхэм я нэхъыфI») орденыр къыхуагъэфэщащ. Шурдым Гъэзалий и цIэр итщ «Урысей Федерацэм и цIыху щэджащэхэр» щIэнгъуазэ тхылъым.

Шурдым Гъэзалий Къасбот и къуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм, къэхутакIуэ емызэшым, IэщIагъэлI Iэзэм, адыгэлI нэсым, и фэеплъыр куэдрэ ди гум илъынущ.

***КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газет.***

# КЪЭЖЭР Хьэмид ХьэтIутIэ и къуэр



Лъэпкъ литературэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 81-м иту щIышылэм и 7-м дунейм ехыжащ тхакIуэ, литературэ критик, егъэджакIуэ Iэзэ, егъэлеяуэ цIыху гуапэ Къэжэр Хьэмид ХьэтIутIэ и къуэр.

Хьэмид 1938 гъэм Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ар 1957 гъэм щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЕхъулIэныгъэкIэ еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, 1962 - 1965 гъэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм и аспирантурэм щеджащ. Куэд дэмыкIыуи, 1967 гъэм, и лэжьыгъэр пхигъэкIауэ щытащ, бзэщIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэри къыфIащащ.

Къэжэр Хьэмид зэрыстудент лъандэрэ литературэм дихьэхырт, республикэм щекIуэкI литературнэ Iуэхухэм хэтт, газетхэмрэ журналхэмрэ тхэрт, жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру хэтт.

1967 гъэм и фокIадэ мазэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу Къэжэрым лэжьэн щыщIидзат Зеикъуэ дэт етIуанэ школым. Абы мазэ зыщыплI нэхъ щымыIауэ, ар ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м и филологие факультетым урыс литературэмрэ нэгъуэщI къэрал литературэмкIэ и кафедрэм. 1977 гъэм щегъэжьауэ нэгъуэщI къэрал литературэмкIэ кафедрэм щылэжьащ, и доценту щытащ. Илъэс 36-м щIигъукIэ а кафедрэм щыIащ Хьэмид, къыдэлажьэхэми иригъаджэхэми пщIэшхуэ къыхуащIу.

Къэжэр Хьэмид литературэм къыхыхьауэ жыпIэ хъунущ етIуанэ курсым щыщIэса илъэсхэм къыщыщIэдзауэ. Абы и япэ художественнэ тхыгъэ кIэщIыр, «Псалъэрэ Iуэхурэ» зыфIищар, 1959 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым къытехуащ. 1962 гъэм и япэ критикэ тхыгъэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ. Критикэ лэжьыгъэ мытыншым, фIыщIэншэм зезыпщытыфа закъуэтIакъуэм ящыщщ Къэжэрыр. Абы и критикэр узыншэщ, и псалъэхэм тхакIуэр яужьыгуркъым, и гур къимыхьэжыну ираудыркъым, гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу армыхъу.

Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ лъэпкъ литературэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэщ: «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», «Нобэ», «Иджыпсту» усэ тхылъхэмрэ литературэ портретхэр зэрыт «Уэрэд щIаусыр» лэжьыгъэмрэ. А и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм я щыхьэту, Къэжэрыр 1991 гъэм УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьат.

Щхьэхуэу и гугъу пщIыну къалэжь тхакIуэм и балладэхэм («Налкъут щхъуантIафэр», «ГъэунэхупIэр», «Псалъэ зеиншэхэр», «ЩIегъуэжар», «Медан лъапIэ», н.). Абыхэм наIуэу къахощ езым и усэкIэр куэдкIэ зэрыпыщIар зэрыригъаджэу щыта европей литературэм. Хьэмид и балладэхэр классикэр тепщэу щыщыта лъэхъэнэм абы жанр гъэнахуэу иIахэм тету зэхэлъхьащ, бзэ гъэхуа шэрыуэкIэ тхащ, идеекIэ пэжыгъэм, лIыгъэм, хабзэ дахэ зехьэным хуэузэдащ.

Сыт хуэдэ Iуэху пэрымыхьами, ар нэгъэсауэ къызэхъулIа Хьэмид ищIэфар хузэфIэмыкIыу къэнам нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъыбэм шэч хэлъкъыми, и IуэхущIафэхэмрэ IэдакъэщIэкIхэмрэ уахътыншэ зэрыхъунум шэч къытетхьэркъым. Адыгэ лъэпкъым щIэныгъэ, литературэ Iуэхухэм теухуауэ зиужьыным зи гуащIэ хэзылъхьа Къэжэр Хьэмид ХьэтIутIэ и къуэр ди гум илъынущ куэдрэ.

***КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэм, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институт, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газет, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, «Iуащхьэмахуэ» журнал, Къэбэрдей-Балъкъэр радио.***

Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советыр Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Ахъуэхъу Анатолэ Хьэжмусэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр **Бырс Ахуэзэт Къэралбий и пхъум** хуогузавэ **Бырс Жыраслъэн Нэхъупщ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

Экономикэ Политикэ
# Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# Хэт нэхъ жьакIуэ?

**ГушыIэ папщIэу псалъэжь щыIэщ: «Факъырэ нэхъ жьакIуэм хьэжыгъэ нэхъыбэ къыхех». Ди экономикэр щымыщIагъуэ иужь мазэхэм ар щыболъагъу политикхэм я дежи: ахэр зэпеуэ хуэдэщ Правительствэм и лэжьыгъэм, абы и Iуэху зехьэкIэм техъущIыхьынымкIэ. ИщхьэкIэ къыщцыдэкI газетхэм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым властыр зыубхэм езы властым щыщхэри зэрыхыхьам. Властым щытхъухэм я макъ зэхэпхыжыркъым. Урысейр дунейм и экономикэ нэхъ лъэщу тхум зэрыхыхьэнум тепсэлъыхьыжыххэркъым. Абы и гугъу пщIыну къемызэгъ хъуа хуэдэщ. Дунейпсо ВВП-м процентитI къудей фIэкIа щызымыIыгъ къэралыр США-м е Китайм я экономикэм пхуегъэпщэфыну? Пэжщ, тетыгъуэр зейхэм иджыри цIыхухэр къагъэгугъэ зэгуэр «псори насыпыфIэ хъуну». Ауэ... илъэс 25-30 дэкIмэ.**

«АРГУМЕНТЫ и факты» газетым и лэжьакIуэ, Ельцин Борис и пресс-секретару щыта Костиков Вячеслав иджы екIуэкIхэм хелъагъуэ нэгъуэщI хьэлэмэти: властым техъущIыхьхэм яхохьэ Президентым и блыгущIэт гъунэгъу дыдэхэри: зыгуэрхэр Ахъшэ хъумапIэ банкым и унафэщI Греф Герман хуэдэу щабэу, адрейхэм зыри щIамыуфэу икIи ткIийуэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Путиным Санкт-Петербург ныбжьэгъу щыхуэхъуа Кудрин Алексей нахуэу жиIащ зи экономикэр дунейм щынэхъ лъэщ къэралитхум Урысейр яхыхьэным и пIэкIэ, зэрыхуа мащэм илъэсипщI хъуауэ къызэримыкIыжыфыр. Апхуэдэ псалъэхэм яужькIэ Кудриным и Iуэхур зэIыхьэну уи гугъэнт, арщхьэкIэ абы и пIэкIэ ягъэуващ ди къэралым и къэпщытакIуэ Iуэхущ1апIэ лъэщ дыдэм - Къэзыбж палатэм и унафэщIу. Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, властыр хуей хъуауэ къыщIэкIынущ къэралым щыщыIэ щытыкIэр зыхуэдэр нэхъ кууу зригъэщIэну. Мыбдеж цIыху ткIий ущыхуейщ. Апхуэдэу щытмэ - щыуакъым. Иджыблагъэ Къэзыбж палатэм сэтей къищIащ «Роскосмос»-м - IуэхущIапIэ зэхуэщIа дыдэм - мылъкушхуэ щызэхадыгъуауэ. Хабзэм щебэкъуауэ къыщIэкIащ Штаб нэхъыщхьэм и академиеми, уеблэмэ, Путиным и резиденцэ Ново-Огарёв щызыухуэхэри. Къэзыбж палатэм и къэпщытакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, мыбдежым «къыщыхэжаныкIащ» езы Президентым и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ хъумакIуэхэм я федеральнэ IэнатIэр (хэт и гугъэнт!). Путиным и арэзыныгъэ хэмылъу ар, дауи, хэIущIыIу ящIынтэкъым. АрщхьэкIэ Кудриным зи гугъу ищIыр экономикэм щызэхащIыхьхэм я закъуэкъым. Ар топсэлъыхь политикэ ухуэкIэм хэлъ зэIумыбзыныгъэхэми, пыухыкIауэ къапщтэмэ, властыр зэрызэрамыхъуэкIым къишэ ныкъусаныгъэхэми. Ар Кремлым щагуапэу пIэрэ?

### Утыку къохьэ псэлъэгъуейхэри

Кудрин Алексей и закъуэкъым хахуэр. Иужь зэманым я щхьэхэр къаIэт хъуащ нэхъапэм политикэм хэIэбэу щымытахэми. Утыку къихьащ иджыри къэс щэхуу къэгъуэгурыкIуэ академикхэри. Иджыблагъэ «ХъыбарыщIэхэр» РИА-м щекIуэкIа пресс-конференцым Президентым и накъыгъэ указхэм щыщытхъуным и пIэкIэ еджагъэшхуэхэм хьэм ирагъэхьащ къэралым щызэфIэува щытыкIэр. Академик Некипеловым Статистикэмкiэ къэрал комитетым къит бжыгъэ псори пцIыуэ къыщIригъэдзащ. Абы къыхигъэщащ 1990 гъэхэм я пэщIэдзэм щегъэжьауэ Урысейм и ВВП-р илъэсым зы процентым зэрыщIимыгъуар. Академик Ивантер Виктори жиIащ властымрэ щIэныгъэлIхэмрэ зэрызэгурымыIуэр.

Властыр зэрызэфIэкIыншэм и гугъу щащI нэгъуэщI щIэныгъэ IуэхущIапIэхэми.

Куэд щIоупщIэ: сыт ди къэралыр и пIэ щIиуджыхьыр? Сыт Китайм и мызакъуэу зызыужь къэралипщIхэр ди япэ щIищар? Сыт къащтэ унафэхэр тхылъымпIэм къыщIинэжыр? Иджыри къэс властым а упщIэхэм жэуап иритыртэкъым, 90 гъэхэм экономикэр кIуэцIрыхуауэ зэрыщытар, Гайдаррэ Чубайсрэ зэхащIыхьахэр тегъэщIапIэ ищIурэ, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ гуэрхэр къилъыхъуэурэ. АрщхьэкIэ дяпэкIэ жэуапхэм зыпыIуадз хъужыну къыщIэкIынукъым. Властым техъущIыхь жьакIуэхэр куэдыIуэ хъуащ...

### УщIыхэдэни щыIэкъым

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и ужькIэ мамыр зэгурыIуэныгъэ зэзымыщIылIэу къэнар Урысеймрэ Японие мрэщ. АбыкIэ лъэпощхьэпоуэ щытри зы закъуэщ: Москва Курил хытIыгухэр Токио зэрыримытыжырщ. Иужь зэманым лъэныкъуитIри нэхъыбэрэ тепсэлъыхь хъуащ я зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным. Языныкъуэхэм абы халъагъуэ Курилхэм щыщ хытIыгуитI етыжыным теухуауэ 1956 гъэм къащтауэ щыта декларацэр и лъабжьэу мы Iуэхур зэфIэхыным яужь зэрихьар. Уеблэмэ, шэч къытрахьэркъым, зэгурыIуэмэ, Урысейм къыдэлэжьэну къэрал зызыужьа КъуэкIыпIэ Жыжьэм зэрыщигъуэтынум. Абыхэм тегъэщIапIэ ящI Пекин Iуэхухэр яхуиIэну зэрымытыншыр. АтIэ Япониер нэхъыфI?

РАН-м ВостоковедениемкIэ и институтым и профессор Мосяков Дмитрий къелъытэ къызэрытхущыт и лъэныкъуэкIэ а къэралитIыр зэбгъапщэ мыхъуну икIи абы и щхьэусыгъуэр лъабжьэ иIэу къыдгурегъаIуэ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр Японием плъапIэ закъуэу иIэр Курил хытIыгухэр зэрыарарщ икIи ищхьэкIэ зи гугъу тщIа декларацэм къыщцыувыIэнукъым: Токио и дежкIэ ар япэ лъэбакъуэ къудейщ. ИужькIэ къигъэувынущ хытIыгу псори, зэман дэкIмэ - Сахалин Ищхъэрэри иритыжыну. Абы щыгъуэми, зыхуэIуа щыIэкъым США-м быдэу къуэт Японием иратыжа щIыналъэхэм американ ракетэхэр къpaгъэувэнкIэ.

Пекин и гугъу пщIымэ, абырэ Москварэ я зэпыщIэныгъэхэр куу дыдэ хъуащ икIи ефIакIуэ зэпытщ. Аращи, ущIыхэдэни щыIэкъым.

● Махуэм махуэр кIэлъыкIуэу

# Бжыгъэхэмрэ фIагъымрэ

**Илъэсым и кIэухыр зэфIагъэкIахэр щызэхалъхьэж, къэкIуэну зэманым къапэщытхэр сэтей къыщащI лъэхъэнэщ. Иджыри аращ: сыт щыгъуи хуэдэу, ныкъусаныгъэхэр тралъэщIэну, къыдэхъулIа мащIэхэр ягъэбэтэну хущIокъу. А псоми куэдым урагъэгупсыс.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 12-м Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэу щытащ. Мы гъэм ар ягъэлъэпIащ нэхъ хэIэтыкIауэ: къэралым и Закон Нэхъыщхьэр къызэращтэрэ илъэс 25-рэ ирикъуащ. ЛIэщIыгъуэм и Iыхьэ плIанэ хъуауэ дэ допсэу ухуэкIэщIэм дытету, хабзэщIэхэр ди гъуазэу. Дэ иджыпсту и гугъу тщIынкъым абыхэм дызыхуашам - арыншами, куэд дыдэ тражыIыхь, арщхьэкIэ хаутэжа совет лъэхъэнэм щызекIуэу щыта пщалъэхэр ди гъащIэм зэрыхэмыкIам гу лъыдмытэу къэдгъэнэфынукъым. Япэрауэ, бжыгъэхэр.

Юбилейм егъэщIылIа зэIущIэм къыщыщыпсалъэм Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслав жиIащ зэрыщыIэрэ блэкIа илъэс 25-м закон зэмылIэужьыгъуэу мини 8 къищтауэ. Зы лъэныкъуэкIэ абы къегъэлъагъуэ депутатхэр еш ямыщIэу лажьэу, ауэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэркъым дэ, цIыху цIыкIухэр, а къомым дахуэныкъуэу: нэхъ юрист Iэзэ дыдэри хэзэрыхьынущ. А законхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ щIагъужхэмрэ гъунапкъэншэщ. Ди къэралым щыпсэухэм абыхэм ящыщу къагъэсэбэпыр мащIэ дыдэщ, ауэ, итIани, зэпымыууэ ягъэву реформэщIэхэр, зэхъуэкIыныгъэхэр егъэкIуэкIын хуейуэ. «Реформэ» псалъэм цIыхухэр щышынэ хъуащ: зыри фIыкIэ щыгугъыжыркъым сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэми. Совет лъэхъэнэм бжыгъэхэр фIагъым япэ ирагъэщу щытащ. Ауэ бжыгъэхэм фIагъыр зэрагъэлъахъшэр ахэр быдэу зэрызэпыщIар иджы вузхэм щамыджыж диалектикэ материализмэми къыбжеIэ.

Публицист Мамонтов Владимир тэмэму гу лъетэ: Думэр зыхэплъэ языныкъуэ хабзэгъэув проектхэм я зэхуэдитIыр къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зимыIэ Iуэхухэрщ, ауэ, къамыщтэми, абыхэм депутатхэм къаруушхуэ трагъэкIуадэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, проект телъыджэхэм дехьэх депутат Милоновыр: цIыхубэм и лIыкIуэм къыхилъхьащ и ныбжьыр илъэс 23-м нэсыху сабий зымыгъуэта цIыхубзыр... дзэм ираджэну. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, къащтакъым икIи къащтэнкIэ Iэмал гуэри щыIакъым. Ауэ абы пIалъэ кIыхькIэ жылагъуэм щытепсэлъыхьащ зэман яфIигъэкIуэду.

Бжыгъэхэмрэ фIагъымрэ яку дэлъ зэщхьэщыкIыныгъэр дигу къигъэкIыжащ илъэсым и кIэухым екIуэкIа нэгъуэщI Iуэхуми: дыгъэгъазэм и 20-м Президентым зэхуигъэса пресс-конференцми. Зэуэ жытIэнщи, езы Путин Владимир фIы дыдэу зыкъигъэлъэгъуащ: абы упщIэ псоми жэуап яритыфащ зэпэшэчауэ, купщIафIэу, куэдым гу лъыуигъатэу. Дригушхуэ хъунущ Урысейм и Iэтащхьэр зэрыгурыхуэм, бжыгъэ куэдыкIей къызэрихьыфым. АрщхьэкIэ мыбдежми журналистхэр езыгъэблэгъахэр бжыгъэм дихьэхыу къыщыщIэкIащ. ЗэIущIэм прессэм и лэжьакIуэу 1702-рэ хэтащ, зыщытхъужащ ахэр, Президентым упщIэ 60-м щIигъум жэуап иритащ. АтIэ упщIэ 60 щхьэкIэ къэралым и щIыпIэ пхыдзахэми къикIыу апхуэдиз цIыху зэхуэпшэсыныр Iэмалыншэт? Ахэр пэшым щIэса къудейщ икIи пресс-конференцым щеплъыфынут я унэ щыIэуи. ЕтIуанэрауэ, пресс-конференцым хэтахэм ящыщ куэд ажэгъафэ теплъэ яIэу хуэпауэ щытащ. АтIэ сытыт я къэкIуапщIэкIуэжыпщIэм, зыщIэсыну хьэщIэщым, яшхынум ахъшэ трагъэкIуадэу ахэр щIызэхуашэсар? Абы щыгъуэми, «Комсомольская правда» газетым къиумысащ пресс-конференцым щыIахэм ящыщхэр журналист нэпцIу зэрыщытар.

Мис аращи, куэдым къикIыркъым фIыуэ.

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

# Гъэунэхуныгъэ

**Дэтхэнэ зы цIыхуми и анэдэлъхубзэм хуэдэу илъагъун хуей бзэ щыIэкъым. Ар анэбзэщи, анэр зэрытлъагъум хуэдэу псоми тлъагъун хуейщ. Бзэ зэхэгъэж щыIэн хуейкъым - ар лъэпкъышхуэм ейми, лъэпкъ цIыкIухэм яйми - псоми зэхуэдэ хуитыныгъэ (статус) яIэн хуейщ. Лъэпкъ цIыкIухэри, къапэрымыуэIауэ, я бзэкIэ еджэжыну хуитщ.**

УКЪЕГЪЭУIЭБЖЬ лъэпкъ мащIэхэм я бзэр зэраджыжынум теухуауэ къащтэ унафэм. Лъэпкъ цIыкIухэм урысыбзэр фIыуэ ягъэщIэну хэтщ (аращ законыр зытеухуар). Ар хьарзынэщ, ауэ анэдэлъхубзэр сыткIэ зэран хъурэ, урысыбзэр кууэ яджынымкIэ? Сыт адыгэбзэ урокхэр щIагъэмащIэр, уеблэмэ Iуахыпэну е факультатив ящIыну щыхэтыр? Уи бзэр бджыжын папщIэ, адэ-анэмрэ сабиймрэ щхьэ уеупщIын хуей, «Фи бзэм фыхуей?», - жыпIэу? «Дыхуейкъым», - жаIэмэ, сабийм и анэдэлъхубзэр имыджми хъуну къызэрагъэувар хьэдэгъуэдахэщ!

Зи акъылыр иджыри зэрымыубыда сабийм адыгэбзэр иджыну хуейрэ хуэмейрэ дауэ узэреупщIынур? Адэ-анэми я закъуэ щхьэ унафэ хуащIын хуей лъэпкъ псом зэдай анэдэлъхубзэм? Абы и унафэр зыщIын хуейр езы лъэпкъращ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, адэ-анэхэм яхэтщ «адыгэбзэ гугъужьым» зи бынхэр пэIэщIэ зыщIыну хуей куэд.

Абы Iуэхур щыхуэкIуакIэ, щхьэ хуит ямыщIрэ сабийр «зыхуэмей» нэгъуэщI предметхэри ямыджыну? Хэт еджакIуэм еупщIыр, псалъэм папщIэ, физикэ, химие, биологие е нэгъуэщI предмет гуэр ар хуейрэ хуэмейрэ? Ахэри гугъу защIэщ, еджакIуэхэм къехьэлъэкIыуи ядж. Урысыбзэри яхэтщ Iэмалыншэу яджын хуейхэм. АтIэ лъэпкъыр лъэпкъыу къызэралъытэ нэщэнэ нэхъыщхьэр - БЗЭР - цIыху щхьэхуэхэм яфIэфI-яфIэмыфIым теухуауэ щхьэ кIуэдыпIэм хуэбгъэкIуэн хуей? Ди къэралышхуэр зэрыкъулей Iуэхугъуэхэм ящыщщ абы лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыщыпсэур, дэтхэнэми и хабзэрэ щэнхабзэрэ иIэжу. КъинэмыщIауэ, урысыбзэм ещхьыркъабзэу, адыгэбзэри балъкъэрыбзэри ди республикэм къэралыбзэу щыгъэуващ. Ауэ щыхъукIэ, урысыбзэм и статус дыдэр щхьэ ямыIэрэ абыхэми? Сыт урысыбзэм щIыгъуу ахэри ЕГЭ-м щIыхамыгъэхьэр?

Украинэм, Прибалтикэм, нэгъуэщI къэралхэм кIуауэ щыпсэу урысхэм я бзэр щыдакъузэм деж, ар дунейм щыземыкIуэ хабзэу къалъытэри, къащхьэщож ди депутатхэр, утыку Iуэху ящIу. Дэ, илъэсищэ бжыгъэ куэд лъандэрэ зи хэку исыж адыгэхэм, ди бзэр ттрахыну щхьэ иужь ихьа?

Шэч куэди уегъэщI Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъ цIыкIухэм я бзэр зэраджыжынум теухуауэ Къэрал Думэм и депутатхэм мы гъэм къащта унафэм.

Сэ школым илъэс 30-м щIигъукIэ завучу сыщылэжьащ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 гъэхэм сабийхэм предмету хъуар адыгэбзэкIэ ирагъэджу щытащ, 7-нэ классыр къаухыху, учебникхэр дахэ дыдэу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIауэ. Абы ипэкIи, иужькIи, «перестройкэ» жыхуаIэр къэсыху, 4-нэ классыр адыгэбзэкIэ къаухырти, адэкIэ урысыбзэкIэ пащэрт еджэным. Сэри класси 4-р си анэдэлъхубзэкIэ къэзыухахэм сащыщщ. Дызэджэ псори хьарзынэу къызгурыIуэу седжащ. АдэкIэ адыгэбзэкIэ пытщамэ, дызэджэ псори къызгурыIуэнут. Сэ урысыбзэри адрей гуманитарнэхэри дахэ-дахэу сымыщIэу къэзухащ. Ауэ, насып сиIэти, урысыбзэшхуэ сымыщIэми, математикэмрэ физикэмрэ фIыуэ зэзгъэщIащ. Абы и фIыгъэкIэ физматым сыщIэтIысхьащ икIи хьарзынэу къэзухащ. ФIыуэ слъэгъуа физикэмрэ математикэмрэ илъэс 40-м нэскIэ къуажэ сабийхэм езгъэджащ. Езгъэджахэм къахэкIащ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, докторхэр. Сэ абыхэм срогушхуэ.

Иджыпсту сабий садым къыщыщIэдзауэ школыр къаухыху ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ зэрырагъэгъуэтыр урысыбзэщ. Нобэ ди сабийхэм я нэхъыбапIэм урысыбзэр ящIэу школым щIотIысхьэ, ар псом япэу, зи фIыгъэр телевизорым къигъэлъагъуэ таурыхъхэращ, абыхэм еплъурэ а урысыбзэри къагурыIуэ мэхъу. Садым и гъэсакIуэхэри сабийхэм зэрадэлажьэр урысыбзэкIэщ, араще, дыщIэшынэн щыIэкъым «ди сабийхэм урысыбзэ ящIэнукъым», жытIэу. ДыщIэгузэвэн хуейр хуэфэщэн пщIэрэ нэмысрэ зыхуэдмыщIыж ди анэдэлъхубзэр ямыщIэу къызэрыхъуращ. ЕгъэджакIуэхэр нэхъ гугъу зыдехьри а анэдэлъхубзэр егъэджыныращ. Класс нэхъыжьхэм адыгэбзэм пщIэ щыхуамыщIыжурэ, школыр щIалэгъуалэм адыгэныкъуэу къаух. Мы Iуэхум игъэпIейтеин хуейр егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ хьэмэрэ адэ-анэхэмрэ адэшхуэ-анэшхуэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ дэтхэнэ зы адыгэми абы гулъытэ хэха хуищIын хуейщ.

Ди сабийхэм анэбзэкIэ сытым дежи девгъэпсалъэ, фымыдэ нэгъуэщIыбзэкIэ къывэпсалъэуи. Ар нэхъыжьхэм тхузэфIэкIыну Iуэхущ - аращ хьэкIыпIэ нэхъыщхьэу къытхуэнэр ди бзэр хъума хъунымкIэ. ЕтIуанэрауэ, ди республикэм и унафэщIхэри мы Iуэхум игъэгузэвэн хуейщ - бзэр хъумэным теухуауэ унафэ тэмэм къащтэн хуейщ. Арыншамэ, адыгэм етIуанэ лъэпкъкIуэдыр къытхуэкIуэнкIэ шынагъуэшхуэ щыIэщ: ЮНЕСКО-м адыгэбзэр иритхащ «КIуэдыжынкIэ хъуну бзэхэм я атлас» тхылъым. Иджыпсту бзэм епхауэ екIуэкI Iуэхугъуэхэр абы и щытыкIэм лъэпкъыр иджыри зэ дегупсысыжыну Тхьэм дызригъэхуа гъэунэхуныгъэми тщIэркъым. ДымыкIуэдыжу адыгэхэр Тхьэм дыкъызэтригъанэ.

**ШЫГЪУШЭ Алий,**
*егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран.*
*Зеикъуэ къуажэ*

● Ингуш

# Зыр сатуущIт, адрейр хъумакIуэт...

**Нэзрэн и «Ковчег» тыкуэнышхуэм иджыблагъэ къыщыхъуам уегъэгузавэ икIи куэдым урегъэгупсыс. Тыкуэным и кIуэцIым гранатэ къыщагъэуа иужь ар къаувыхьащ къарузехьэхэм. ЩIыналъэ МВД-м щыжаIащ Урысей гвардием и лэжьакIуитI уIэгъэ зэрыхъуар.**

«КОВЧЕГ»-р зей Абадиев Индрис къиIуэтэжащ гранатэм и къауэ, шэ фий макъхэр зэрызэхихар, уIэгъэ хъуа зауэлIитI унэм къызэрыщIэжар зэрилъэгъуар. ТIури зэуэ «дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» Iуашащ. Абы аргуэру щIигъужащ тыкуэным и хъумакIуэ ныбжьыщIэм телефонкIэ зэрызыпимыщIэфыр. Къэхъуам иужькIэ ар бзэхащ.

«Республикэм и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек занщIэу хъыбар ирагъэщIащ къэхъуамкIэ икIи ар кIэлъоплъ Iуэхур зэрызэхагъэкIым,- щыжаIащ Iэтащхьэм и пресс-IуэхущIапIэм. - Евкуровым цIыхухэр къыхуриджащ мыгужьеину».

«Ковчег»-р пщыхьэщхьэр сыхьэтипщIым нэсыху къэухъуреихьауэ щытащ. Унэм хьэдитI къыщIахащ.

УIэгъэ хъуа зауэлIитIыр сымаджэщым щIэлъщ, абыхэм я гъащIэм шынагъуэ иIэкъым. ТIури кхъухьлъатэкIэ Москва нагъэсащ.

Республикэм и следствие комитетым уголовнэ Iуэху къиIэтащ хабзэхъумэхэм я лэжьакIуэхэр яукIыну зэрыхэтам теухуауэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, террористхэу шэч зыхуащIхэр яубыдыну къарузехьэхэр хущIэкъуат. Ауэ иужьрейхэм зыкъыпэщIасащ: зыр кIэрахъуэкIэ къахэуащ, адрейм гранатэ къахидзащ. БоевикитIри хэкIуэдащ. Ахэр хэтми белджылы хъуащ: япэм илъэс 24-рэ, етIуанэм илъэс 31-рэ я ныбжьт, а щIыпIэм щыщхэт. Зыр тыкуэным сатуущIу щылажьэрт, адрейр хъумакIуэт. Хабзэхъумэхэр иджы щыхьэтхэм япкърыупщIыхь. ЩэхуакIуэхэми, унэм блэкIхэми фэбжь ягъуэтакъым. «Ковчег»-м къыкIэлъыкIуэ махуэм лэжьэн щIидзэжащ.

### Иджы къагъэзэж

«Иужь илъэсхэм боевик куэд Сирием кIуат, - жеIэ политолог Патеев Ренат. - КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щызэуахэр иджы я хэкум къокIуэж. Абы къыдэкIуэу ихъу-ипкI ислъамым дихьэххэм я бжыгъэм хохъуэ».

IэщIагъэлIым и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, терроризмэм и гъуэгум тоувэ жылагъуэм и гуп псоми ящыщхэр. Щхьэусыгъуэхэр зэмылIэужьыгъуэщ: хэт унагъуэкIэ къаугъэ хэкIыркъым, хэти зыпэмылъэщыну къыфIэщI гугъуехьхэм хохуэ.

Мыри щIыдгъужынщ. Хабзэхъумэхэм Москва, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэным цIыхуибл щаубыдащ, псапащIэу фэ зытрагъауэурэ, террорист зэгухьэныгъэхэм ахъшэкIэ зыщIагъакъуэу шэч хуащIри. Абыхэм экстремист литературэ къыкъуахащ.



Португалием и дамыгъэ пэлъытэ хъуахэм я нэхъ цIэрыIуэщ Паласио да Пенэ Уардэунэр. Ар Iуащхьэм къытету Синтрэ къалэм къыхоплъэ. Португалием и пащтыхь Фердинанд и унафэкIэ ар яухуащ 1842 - 1854 гъэхэм.

Паласио да Пенэ Португалием нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэу иIэ щIыпIэу, ухуэныгъэу 7-м язщ, ар ЮНЕСКО-м къилъытащ дунейпсо хъугъуэфIыгъуэм щыщу.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Футбол

# Илъэсхэм я зэблэкIыгъуэми зэпагъэуакъым

**ИлъэсыщIэр къызэрихьэм ехьэлIа махуэшхуэхэм загъэпсэхуакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI щIымахуэ чемпионатым хэтхэм. Уеблэмэ абыхэм зэхьэзэхуэр нэхъри щIагъэхуэбжьащ икIи иужьрей тхьэмахуитIым джэгугъуэ щырыщ кърахьэлIащ.**

ИЛЪЭСХЭМ я зэблэкIыгъуэм ирихьэлIэу турнир таблицэм пашэныгъэр командищым щызэдагуэшу щытамэ, иджы апхуэдэхэр зэрыхъужыр тIущ. «Автозапчасть»-м «ХьэтIохъущыкъуеймрэ» «Велес»-мрэ кIэрыхужри, «Спартак-Налшык-д»-р гъусэ къыхуэхъуащ. Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм къриубыдэу бахъсэндэсхэм очкоитI яфIэкIуэдамэ,«Спартак-Налшыкым» и дублёрхэм ар хэщIыныгъэншэу кърахьэлIащ. ЗэIущIищри я текIуэныгъэкIэ ирагъэухащ «КъБКъУ»-мрэ «Кэнжэмрэ» я футболистхэм икIи бжьыпэр зыIыгъхэм гъунэгъу дыдэ зыхуащIащ.

Хуумыгъэфэщэну хуэмыхуащ «Автозапчасть»-м пашэныгъэр дэзыгуэшахэу «ХьэтIохъущыкъуеймрэ» «Велес»-мрэ. ИлъэсыщIэр гъэлъэпIэным дихьэхри, абыхэм я зэIущIэ псори ирагъэхьэхуащ икIи псынщIэ дыдэу курыт увыпIэхэм къыщыхутащ. Абыхэм къищынэмыщIауэ, зи очко бжыгъэм хэзымыгъэхъуэфар турнир таблицэм и «гупкIэм пыс» «Альянс»-мрэ «Спартак-Налшык-н»-мрэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018 - 2019 гъэхэм и щIымахуэ чемпионатым щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щызэхэта зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: *етхуанэ джэгугъуэ* «**Бабугент**» (Бабугент) - «**КъБКъУ**» (Налшык) - **0:3**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Мурбек**» (Налшык) - **0:0**, «**Велес**» (Къэрэгъэш) - «**Малка**» (Малкэ) - **0:2**, «**ГорИС-179 РусГидро**» (Бабугент) - «**КъБКъМУ**» (Налшык) - **1:1**, «**Спартак-Налшык-н**» (Налшык) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **1:3**, «**Альянс**» (Шэджэм) - «**Спартак-д**» (Налшык) - **0:1**, «**Керт**» (Къэхъун) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **1:0**, «**Союз**» (Сэрмакъ) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **4:2**; *еханэ джэгугъуэ* - «**КъБКъУ**» - «**Альянс**» - **1:0**, «**Автозапчасть**» - «**Велес**» - **1:0**, «**Шагъдий**» - «**Бабугент**» - **5:1**, «**Мурбек**» - «**Союз**» - **1:2**, «**Малка**» - «**Спартак-н**» - **1:0**, «**КъБКъМУ**» - «**Керт**» - **2:2**, «**Кэнжэ**» - «**ГорИС-179 РусГидро**» - **5:0**, «**Спартак-д**» - «**ХьэтIохъущыкъуей**» - **1:0**; *ебланэ джэгугъуэ* - «**Спартак-н**» - «**Автозапчасть**» - **1:5**, «**Союз**» - «**Спартак-д**» - **0:2**, «**Керт**» - «**Кэнжэ**» - **0:1**, «**Малка**» - «**ГорИС-179 РусГидро**» - **4:1**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» - «**КъБКъУ**» - **1:2**, «**Альянс**» - «**Шагъдий**» - **2:3**, «**Бабугент**» - «**КъБКъМУ**» - **0:0**, «**Велес**» - «**Мурбек**» - **1:2**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018/2019 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Автозапчасть»** | **7** | **5** | **2** | **0** | **19-2** | **17** |
| 2. | **«Спартак-Налшык-д»** | **7** | **5** | **2** | **0** | **12-4** | **17** |
| 3. | **«КъБКъУ»** | **7** | **5** | **1** | **1** | **13-6** | **16** |
| 4. | «Кэнжэ» | 7 | 4 | 2 | 1 | 12-4 | 14 |
| 5. | «Мурбек» | 7 | 3 | 3 | 1 | 12-5 | 12 |
| 6. | «ГорИс-179 РусГидро» | 7 | 3 | 3 | 1 | 12-11 | 12 |
| 7. | «Союз» | 7 | 3 | 1 | 3 | 11-10 | 10 |
| 8. | «Велес» | 7 | 3 | 1 | 3 | 7-3 | 10 |
| 9. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 7 | 3 | 1 | 3 | 14-11 | 10 |
| 10. | «Шагъдий» | 7 | 3 | 0 | 4 | 14-15 | 9 |
| 11. | «Керт» | 7 | 2 | 2 | 3 | 6-9 | 8 |
| 12. | «Малка» | 7 | 2 | 1 | 4 | 4-10 | 7 |
| 13. | «КъБКъМУ» | 7 | 1 | 4 | 2 | 6-10 | 7 |
| 14. | «Бабугент» | 7 | 1 | 2 | 4 | 5-14 | 5 |
| 15. | **«Альянс»** | **7** | **0** | **1** | **6** | **4-16** | **1** |
| 16. | **«Спартак-Налшык-н»** | **7** | **0** | **0** | **7** | **6-23** | **0** |


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.214 ● Заказ №2